


BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab dipedar ngeunaan métode panalungtikan. Hal anu diguar nya éta métode jeung desain panalungtikan, téknik panalungtikan, instrumén panalungtikan, data jeung sumber data panalungtikan, jeung prosedur panalungtikan.

3.1 Métode jeung Desain Panalungtikan

Métode nu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta kuasi ékspérimén kalawan desain *One Group Pretest-Posttest Design*. Desain *One Group Pretest-Posttest* dilaksanakeun dua kali tés nyaéta saméméh jeung sabada dilaksanakeun modél pangajaran, anapon kagiatan ngalaksanakeun modél pangajaran disebut *treatment* (Arikunto, 2014). Sacara leuwih jéntré, désain panalungtikan baris dipedar di ieu di handap.



Bagan 3.1
Design Panalungtikan

Keterangan:

- O_1 : Kamampuh siswa dina pangajaran nulis guguritan saméméh dilaksanakeun modél AIR.
- X : *Treatment* ngagunakeun modél AIR
- O_2 : Kamampuh siswa dina pangajaran nulis guguritan sabada dilaksanakeun modél AIR..

Ngaliwatan desain panalungtikan nu dipedar di luhur tangtu bakal kapaluruh hasil *treatment* waktu dilaksanakeun modél AIR ku cara ngabandingkeun hasil *Pretest* (O_1) jeung hasil *Posttest* (O_2). Sacara lengkep, dina ngalarapkeun ieu desain panalungtikan, aya tilu léngkah nu dilakukeun nya éta 1) méré *pretest* ka siswa dina kamampuh nulis guguritan saacaan *treatment* dilakukeun, 2) méré *treatment* modél pangajaran AIR, 3) méré *posttest* ka siswa pikeun ngukur kamampuh nulis guguritan sabada dibéré *treatment*.

3.2 Téknik Panalungtikan

Dina ieu subbab dipedar ngeunaan téknik panalungtikan. Anapon hal nu dipedar nya éta téknik ngumpulkeun data jeung téknik ngolah data.

3.2.1 Téknik Ngumpulkeun Data

. Téknik ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nyaéta téknik tés salaku data primér, sarta angkét jeung wawancara salaku data sekundér pikeun ngarojong data primer nu miboga tujuan pikeun meunangkeun tur mikanyaho kamampuh siswa dina pangajaran nulis guguritan. Tés mangrupa alat nu dipaké pikeun kagiatan pangukuran nu mangrupa salasahiji cara pikeun ngukur gedé leutikna kamampuh hiji jalma sacara teu langsung nyaéta ku cara méré stimulus atawa pertanyaan (Rukajat, 2018). Anapon angkét nurutkeun Sugiyono (2017) angket atawa kuésioner mangrupa téknik ngumpulkeun data nu dilakukeun ku cara méré runtuyan pertanyaan sacara tinulis pikeun dijawab ku *responden*. Sedengkeun wawancara mangrupa cara nu dipaké pikeun meunangkeun informasi ti *responden* boh éta ti peserta didik atawa jalma lian nu di wawancara (Suryadi, 2020). Ku ayana téknik tés tangtu mangrupa sumber data panalungtikan dina ngajawab rumusan masalah kahiji jeung kadua nu patali jeung kamampuh siswa dina pangajaran nulis guguritan. Sedengkeun Ku ayana téknik angkét jeung wawancara jadi salasahiji data panalungtikan nu ngawewegan rumusan masalah katilu nyaéta bédana kamampuh siswa dina pangajaran nulis guguritan saméméh jeung sabada dilaksanakeun modél AIR.

3.2.2 Téknik Ngolah Data

Analisis data nu dilakukeun dina ieu panalungtikan nyaéta ku ngagunakeun aplikasi *Microsoft Excel* jeung aplikasi *SPSS (Statistical Product and Service Solutions) versi 29* nu ngarojong dina ngolah data kuantitatif. Tahapan nu dilakukeun dina analisis baris dijéntrékeun ieu di handap.

- a. Nganalisis hasil *pretest* jeung *posttest* dumasar kritéria aspék peunteun/rubrik paniléyan nulis guguritan.

Tabel 3.1
Rubrik Paniléyan Nulis Guguritan

No.	Aspék Niléy	Tingkat Capaian Kinerja					
		1	2	3	4	5	
1.	Unsur Guguritan	Eusi					
		Basa					
		Kaidah Pupuh					
		Wangun Karangan					
Jumlah Skor Niléy							
Keterangan: 1= Kurang Pisan (euweuh unsur nu bener) 2= Kurang (aya saeutik unsur nu bener) 3= Sedeng (unsur bener jeung kurang bener saimbang) 4= Alus (saeutik kasalahan) 5= Alus Pisan (bener kabéh)							

Dimodifikasi tina (Nurgiyantoro, 2018)

- b. Meunteun hasil *pretest* jeung *posttest* dumasar kritéria nulis guguritan.

$$P = \frac{\Sigma \text{Skor Siswa}}{\text{Skor Maksimal}} \times 100$$

Bagan 3.2

Meunteun Hasil *Pretest Posttest*

Keterangan:

P : Peunteun
 Σ Skor siswa : Jumlah peunteun tina hasil tés siswa
 Σ Skor Maksimal : Jumlah maksimal tina hasil tés siswa

- c. Méré niléy ka siswa dumasar kana interval lima katégorisasi paniléyan nya éta Kurang Pisan, Kurang, Cukup, Hadé, jeung Hadé Pisan. Nurutkeun Sudjiono (2018) katégorisasi ngaliwatan *Mean* jeung *Standar Deviasi* mangrupa ukuran statistik nu miboga *reabilitas* pikeun nangtukeun kritéria skor ku ngagunakeun Penilaian Acuan Norma (PAN). Anapon katégorisasi paniléyan bisa katitén saperti di ieu handap.

Tabel 3.2
Katégorisasi Paniléyan

Interval	Katégori
$X < M - 1,5SD$	Kurang Pisan
$M - 1,5SD < X \leq M - 0,5SD$	Kurang
$M - 1,5SD < X \leq M + 0,5SD$	Cukup
$M + 0,5SD < X \leq M + 1,5 SD$	Hadé
$M + 1,5SD < X$	Hadé Pisan

Mulyadi Ariansyah, 2024

MODÉL AUDITORY INTELLECTUALLY REPETITION DINA PANGAJARAN NULIS GUGURITAN (STUDI KUASI ÉKSPÉRIMÉN KA SISWA KELAS 8A SMPN 2 BANDUNG TAUN AJAR 2023/2024)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- d. Ngasupkeun skor jeung niléy ngagunakeun format meunteun nu aya dina instrumén ngolah data.
- e. Ngasupkeun data kata *Microsoft Excel* jadi tarbulasi data sangkan katitén hasil kamampuh siswa.

3.2.2.1 Uji Sipat Data

Sabada meunangkeun data nu aya dina tarbulasi data dina *Microsoft Excel*, léngkah satuluyna nyaéta ngasupkeun data kana aplikasi *Statistical Product and Service Solution* (SPSS) versi 29 pikeun uji sipat data. Uji sipat data miboga tujuan pikeun mikanyaho data hasil panalungtikan miboga data nu *valid*. Anapon uji sipat dina ieu panalungtikan nyaéta uji normalitas, uji normalitas digunakeun pikeun mikanyaho hasil data tina panalungtikan miboga distribusi data nu normal atawa henteu normal tina data tés saméméh jeung sabada dilaksanakeun modél AIR dina pangajaran nulis guguritan (Nasrum, 2018). Ku sabab jumlah data dina ieu panalungtikan kurang ti 50 urang, ieu panalungtikan ngagunakeun métode *Shapiro-Wilk* nu miboga hipotésis uji normalitas saperti ieu di handap.

- a. H_0 = distribusi data normal, saupama niléy (sig) $>0,05$
- b. H_1 = distribusi data henteu normal, saupama niléy (sig) $<0,05$

3.2.2.2 Uji Hipotésis

Saupama hasil tina uji normalitas distribusi datana normal, mangka data bakal dianalisis *parametris Paired Sample Test*, tapi upama distribusina henteu normal mangka kaasup data nu teu ngahontal kanormalan, analisis satuluyna nu dipaké pikeun nguji hipotésis data nu henteu normal nyaéta ku ngagunakeun uji *nonparametris Wilcoxon*. Hipotésis mangrupa jawaban sementara nu sipatna logis ngeunaan hiji hal (Heryana, 2020). Pikeun nangtukeun ditarima atawa henteuna hipotésis, nyoko kana kritéria di handap.

- a. H_0 (Hipotésis nol):

Hipotésis Nol hartina teu aya béda signifikan antara kamampuh siswa kelas 8A SMPN 2 Bandung dina nulis guguritan saméméh jeung sabada dilaksanakeun modél AIR.

b. H_1 (Hipotesis alternatif):

Hipotesis alternatif hartina aya béda signifikan antara kamampuh siswa kelas 8A SMPN 2 Bandung dina nulis guguritan saméméh jeung sabada dilaksanakeun modél AIR.

3.3 Instrumén Panalungtikan

Dina ieu subbab dipedar ngeunaan instrumén panalungtikan. Anapon hal nu dipedar nya éta ngeunaan instrumén ngumpulkeun data jeung instrumén ngolah data.

3.3.1 Instrumén Ngumpulkeun Data

Dina ieu pedaran diguar ngeunaan instrumén ngumpulkeun data. Anapon hal nu dipedar nya éta instrumén tés, instrumén angkét, jeung instrumén wawancara.

3.3.1.1 Instrumén Ngumpulkeun Data Tés

Instrumén panalungtikan nu dipaké dina ngumpulkeun data awal/*pretest* jeung data ahir/*posttest* nyaéta ku cara tés paréntah nulis guguritan. Dina ieu tés, dilakukeun dua kali nya éta *pretest* dina saméméh dilaksanakeun *treatment* modél pangajaran AIR jeung *posttest* dina sabada dilaksanakeun *treatment* modél pangajaran AIR. Paréntah dina ieu tés luyu jeung TP dina bab saacana, nyaéta siswa migawé nulis guguritan dina pupuh Durma kalawan téma bébas. Sangkan leuwih jéntré, kisi-kisi instrumén panalungtikan baris dipedar di handap.

Tabel 3.3

Kisi-kisi Instrumén Panalungtikan

No	Tujuan Pembelajaran	Indikator	Level	Jenis	Bentuk
1.	Kamampuh nyiptakeun guguritan Durma kalawan téma bébas.	Siswa miboga kamampuh nulis guguritan Durma kalawan merhatikeun unsur guguritan.	Menciptakan (C5)	Tés Tulis	Lembar Soal

Anapon ieu di handap mangrupa instrumén tés. Instrumén tés dilarapkeun ka siswa waktu lumangsungna panalungtikan pikeun mikanyaho kamampuh siswa

saméméh jeung sabada dilaksanakeun modél AIR dina pangajaran nulis guguritan Durma.

Tabel 3.4
Instrumén Tés

<p>WASTA :</p> <p>NO. ABSEN :</p> <p>Paréntah: Pék jieun guguritan Durma téma bébas. Minimal ditulis dina sapada kalawan merhatikeun unsur guguritan!</p> <p>Jawab: Hasil tulisan guguritan durma!</p> <p>.....</p> <p>.....</p> <p>.....</p>
--

3.3.1.2 Instrumén Ngumpulkeun Data Angkét

Angket atawa kuésioner mangrupa prosés paniléyan ku cara méré runtuyan pertanyaan sacara tinulis ka réspodén. Anapon pertanyaan kuésionér katitén saperti di handap dumasar kana 3 aspék pertanyaan, nya éta aspék minat, aspék sikep jeung aspék kakaitan.

Tabel 3.5
Instrumén Ngumpulkeun Data Angkét

Wasta: No. Absen:		
<p>Aspék Minat</p> <ol style="list-style-type: none"> 1. Naha hidep ngarasa resep kana pangajaran guguritan saméméh dilaksanakeun modél AIR? 2. Naha hidep ngarasa resep kana pangajaran guguritan sabada dilaksanakeun modél AIR? 3. Naha modél AIR bisa ngarojong hidep pikeun sumanget dina diajar nulis guguritan? 	Satuju	Henteu Satuju
<p>Aspék Sikep</p> <ol style="list-style-type: none"> 4. Naha hidep maham kana pangajaran guguritan sabada dilaksanakeun modél AIR? 5. Naha hidep bisa nyangking mangpaat tina pangajaran guguritan sabada dilaksanakeun modél AIR? 6. Naha modél AIR bisa ngarojong hidep pikeun aktip dina pangajaran guguritan? 	Satuju	Henteu Satuju
<p>Aspék Kakaiatn</p> <ol style="list-style-type: none"> 7. Naha modél AIR bisa ngarojong hidep pikeun nyeukeutan kamampuh mikir dina waktu pangajaran guguritan? 8. Naha modél AIR bisa méré pangaruh pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis guguritan? 9. Naha modél AIR bisa dipaké dina pangajaran guguritan? 	Satuju	Henteu Satuju

3.3.1.3 Instrumén Ngumpulkeun Data Wawancara

Wawancara mangrupa téknik paniléyan nu dilakukeun ngaliwatan paguneman. Wawancara bisa dilakukeun ka siswa, kolotna, atawa babaturan ti siswa. Anapon wawancara nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta wawancara bébas terpimpin. Wawancara bébas terpimpin mangrupa wawancara nu dilakukeun ku cara ngakombinasikeun antara wawancara terpimpin jeung wawancara bébas. Dina prak-prakana mawa sakumna pertanyaan nu dijadikeun dadasar pikeun dijawab (Sufri, 2021).

Tabel 3. 1
Instrumén Ngumpulkeun Data Wawancara

Narasumber: Pertanyaan:	
NO.	PERTANYAAN
1.	Hal naon nu jadi pasualan dina nulis guguritan?

Mulyadi Ariansyah, 2024

MODÉL AUDITORY INTELLECTUALLY REPETITION DINA PANGAJARAN NULIS GUGURITAN (STUDI KUASI ÉKSPÉRIMÉN KA SISWA KELAS 8A SMPN 2 BANDUNG TAUN AJAR 2023/2024)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

2.	Kumaha tanggapan hidep sabada dilaksanakeun modél AIR?
3.	Naha aya bédana kamampuh nulis guguritan saméméh jeung sabada dilakukeun modél pangajaran AIR?

3.3.2 Instrumén Ngolah Data

Dina ieu pedaran diguar geunaan instrumén ngolah data. Anapon hal nu dipedar nya éta instrumén ngolah data tés, instrumén ngolah data angkét, jeung instrumén ngolah data wawancara.

3.3.2.1 Instrumén Ngolah Data Tés

Pikeun ngukur tur nganiléy kamampuh siswa dina nulis guguritan, panalungtik miboga aspék paniléyan. Aspék paniléyan dina nulis guguritan dijéntrékeun dina tabél 3.1 di luhur. Salian ti éta, pikeun ngumpulkeun data tina hasil *pretest* jeung *posttest*, diperlukeun format peunteun. Anapon format peunteun dina nulis guguritan dijéntrékeun dina tabél di handap.

Tabel 3. 2

Format Meunteun

No.	Kode Siswa	Aspék Peunteun				Skor	Niléy	Katégori
		E	KP	B	WK			

Keterangan:

E : Eusi

KP : Kaidah Pupuh

B : Basa

WK : Wangun Karangan

Dumasar kana format peunteun di luhur, skor siswa ditilik tina jumlah skor. Anapon niléy siswa ditilik tina jumlah skor dibagi skor maksimal tuluy dikali

saratus. Contona, jumlah skor siswa 15, skor maksimal dina rubrik paniléyan 35. Ku kituna, niléy siswa nyaéta $20:35 \times 100 = 70$ luyu jeung Bagan 2.3. Sedengkeun pikeun nangtukeun katégori siswa, luyu jeung Tabél 3.1.

3.3.2.2 Instrumén Ngolah Data Angkét

Instrumén nu dipaké dina ngolah data hasil angkét dina ieu panalungtikan nyaéta ku ngagunakeun diagram. Dina nyieun diagram hal anu kudu katémbong nya étal klasifikasi jeung niléy data nu bisa ngadéskripsikeun maksud nu hayang ditepikeun ngaliwatan diagram batang (Fath & Darajatun, 2022).

3.3.2.3 Instrumén Ngolah Data Wawancara

Ngolah data wawancara dina ieu panalungtikan nyaéta ngaliwatan métode déskripsi. Métode déskripsi digunakeun pikeun méré gambaran atawa analisa tina hasil panalungtikan nu teu digunakeun pikeun nyieun kacindekan sacara jembar (Sugiyono, 2005).

3.4 Data jeung Sumber Data Panalungtikan

Dina ieu subbab dipedar ngeunaan data jeung sumber data panalungtikan. Anapon hal nu dipedar nyaéta data nu patali jeung tujuan panalungtikan sarta sumber data nu patali jeung objék panalungtikan.

3.4.1 Data Panalungtikan


Data nu aya dina ieu panalungtikan nyaéta sakumna informasi nu patali jeung sakumna kamampuh siswa dina pangajaran nulis guguritan. Kamampuh nu diguar nyaéta kamampuh siswa saméméh dilaksanakeun modél AIR dina pangajaran nulis guguritan, kamampuh siswa sabada dilaksanakeun modél AIR dina pangajaran nulis guguritan, jeung bédana kamampuh siswa saméméh jeung sabada dilaksanakeun modél AIR dina pangajaran nulis guguritan.

3.4.2 Sumber Data Panalungtikan

Sumber data nu digunakeun dina ieu panalungtikan téh nyaéta hasil tina ékspérimén. Ékspérimén dilakukeun ka siswa kelas 8A SMPN 2 Bandung taun ajar 2023/2024 nu jumlahna 26 urang.

3.5 Prosedur Panalungtikan

Prosedur atawa léngkah-léngkah panalungtikan mangrupa bagéan penting dina ngalarapkeun panalungtikan pikeun ngajawab masalah. Pamarekan nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta pamarekan kuantitatif. Nurutkeun Siti (2021) pamarekan kuantitatif nyaéta pamarekan panalungtikan nu ngagunakeun data-data mangrupa angka jeung élmu pasti pikeun ngajawab *hipotesis* panalungtikan. Méthode nu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta méthode kuasi ékspérimén. Nurutkeun (Sugiono, 2010) ékspérimén kuasi mangrupa méthode nu miboga kontrol tapi teu miboga kontrol pinuh pikeun variabel luar nu mangaruhan kana ékspérimén. Desain panalungtikan nyaéta *One Group Prettest-Posttest*. Ieu panalungtikan ditujukeun ka siswa kelas 8A SMPN 2 Bandung taun ajar 2023/2024 nu jadi sumber data panalungtikan. Dina prak-prakan panalungtikan ngeunaan modél AIR perlu didadarkeun sacara jéntré. Ku kituna sangkan leuwih méré gambaran, prosedur panalungtikan baris diguar ngaliwatan bagan di handap.



Bagan 3.3

Prosedur Panalungtikan

Dumasar kana bagan di luhur, ieu dihandap mangrupa pedaran prosedur panalungtikan sacara gembheng. Anapon hal nu guar nya éta tatahar, ngalaksanakeun panalungtikan jeung ngumpulkeun data, nganalisis data, jeung kacindekan.

1) Tatahar

Palebah ieu léngkah tatahar panalungtikan, panalungtik ngalakukeun obsérvasi mangrupa konsultasi jeung guru bahasa Sunda SMPN 2 Bandung ngeunaan masalah nu karandapan ku siswa dina pangajaran basa Sunda hususna dina pangajaran guguritan. Satuluyna, panalungtik milih modél pangajaran nu cocog pikeun ngungkulan masalah nu aya, jeung nangtukeun pamarekan. Dina ieu panalungtikan, modél pangajaran nu dipaké nyaéta modél AIR, sarta pamarekan nu dipilih nyaéta kuantitatif nu ngagunakeun studi kuasi ékspérimén ka siswa kelas 8A SMPN 2 Bandung taun ajar 2023/2024. Sabada nangtukeun variabel, panalungtik nataharkeun kaperluan panalungtikan saperti modul, instrumén tés, instrumén paniléyan, jsb.

2) Ngalaksanakeun Panalungtikan jeung Ngumpulkeun Data

Dina ieu tahapan, panalungtik ngalaksanakeun panalungtikan di jero kelas pikeun ngumpulkeun data ku cara ngaliwatan *pretest* jeung *posttest* sangkan meunangkeun data sacara akurat tur mikanyaho kamampuh siswa dina pangajaran nulis guguritan saméméh jeung sabada dilaksanakeun modél AIR. Anapon léngkah-léngkahna nyaéta:

- a. siswa migawé *pretest* nulis guguritan kalawan téma bébas pikeun mikanyaho kamampuh awal siswa;
- b. panalungtik mére *treatment* pangajaran nulis guguritan ku ngalaksanakeun modél AIR; jeung
- c. siswa migawé *posttest* ku soal nu sarua jeung *pretest* pikeun mikanyaho kamampuh ahir siswa;

3) Nganalisis Data

Sanggeus ngumpulkeun data di lapangan, panalungtik nganalisis hasil *pretest* jeung *posttest* kana tarbulasi data nu dituluykeun ku ngagunakeun aplikasi *SPSS* pikeun ngalakukeun uji sipat data.

4) Kacindekan

Sanggeus nganalisis data, panalungtik nyokot kacindekan naha modél pangajaran AIR bisa ngungkulan masalah nulis guguritan atawa henteu, sanggeus kitu dijieun rékoméndasi.